

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang

Hirup-huripna manusa téh teu leupas tina kabudayaan nu geus diwariskeun sacara turun-tumurun ti hiji generasi ka generasi saterusna, ngaliwatan prosés diajar. Éta prosés téh panjang, lantaran hiji individu ti saprak digubragkeun ka alam dunya bakal ngalaman proses diajar bari nyaluyukeun diri jeung lingkungan sosialna, ogé diajar ngagumulungkeun dirina jeung lingkungan budayana, atawa disebut pembudayaan (énkulturas). Dina prosés énkulturas, nurutkeun Mulyadi (1999: 42) yén hiji individu téh diperedih kudu bisa nyaluyukeun pola pikir jeung sikepna kana adat-istiadat, sistem norma, sarta aturan-aturan nu dipaké di lingkungan budayana.

Numutkeun ulikan antropologi, kabudayaan téh nya éta sakabéh sistem gagasan, paripolah, jeung hasil karya manusa dina kahirupan masarakat nu dijadikeun milik diri manusa ku cara diajar (Koentjaraningrat, 1990: 180). Tina éta watesan téh bisa katangen, yén ampir sakabéh paripolah manusa mangrupa kabudayaan, sabab dina kahirupanana manusa teu bisa sagawayah ngalakukcun hiji hal, sagala rupana aya aturan-aturan nu ngaturna, nu nganteurkeun manusa kana perluna diajar.

Kabudayaan téh mangrupa ciri has anu dipimilik ku sakumpulan anggota masarakat. Unggal masarakat mibanda kabudayaan séwang-séwangan nu ngagambarkeun tur ngabogaan ciri has nu bakal moal sarua jeung adat-istiadat di

masarakat adat lianna. Éta kanyataan téh luyu jeung kacapangan *ciri sabumi cara sadésa*. Kitu deui kabudayaan sakumaha nu nyampak di urang Sunda.

Sunda minangka salahahiji sélér bangsa di Indonesia, mibanda rupa-rupa kabudayaan tur variasi tina ajén-inajénna ogé luhung, sarta mangpaatna masih keneh karasa dina kahirupan mangsa kiwari.

Dumasar keterangan di luhur, bisa dicindekkeun yén kabudayaan Sunda nya éta kabiasaan-kabiasaan, ide, gagasan, kapercayaan, tindakan moral, hukum, karya, jeung pangabisa lian nu dipilik ku masarakat Sunda minangka hasil tina prosés diajar dina kahirupan sosial masarakatna nu bisa ditarima tur luyu jeung tradisi masarakat Sunda.

Nilik kana éta painadegan, kabudayaan téh kacida jembarna. Ku kituna pikeun maluruh naon waé anu kaasup kana kabudayaan, ieu di handap ditataan unsur-unsur kabudayaan universal nurutkeun Koentjaraningrat (1990: 203, 335-381) ngawengku:

- 1) Sistem réligi;
- 2) Sistem organisasi kamasarakan;
- 3) Sistem pangaweruh;
- 4) Basa;
- 5) Kasenian;
- 6) Sistem pakasaban; jeung
- 7) Sistem téhnologi jeung pakakas.

Tina tujuh unsur budaya nu ditétélakeun ku Koentjaraningrat, diantarana nya éta sistem réligi. Sistem réligi ngabogaan wujud salaku sistem kayakinan,

jeung gagasan-gagasan ngeunaan Pangéran, déwa-déwa, lelembut, naraka, sawarga, jsté. Wujud réligi séjénna nya éta upacara-upacara, boh upacara nu maneuh diayakeun, boh upacara nu ieu tangtu waktuna. Iwal ti éta, sistem réligi ogé ngabogaan wujud mangrupa barang-barang suci jeung barang-barang réligius.

Lian ti sistem réligi, dina kabudayaan téh aya sistem kasenian. Sistem kasenian mangrupa salasahiji wujud budaya manusa nu patali jeung seni katut kaéndahan. Ayana éksprési prosés kabudayaan manusa, éta téh mangrupa dadasar tina gelarna kasenian. Sabab dina kasenian nyampak salasahiji éksprési prosés kabudayaan nu kuat patalina jeung kosmos jalma-jalma ngahartikeun hirup, nyokot ajén jeung néangan sisindekelan ngeunaan naon ari éndah téh, naon ari hadé téh, jeung naon ari bener téh. Pamadegan ieu téh disebut ogé ajén-inajén (Sutrisno, 1993: 6).

Wujud-wujud tina kasenian téh mangrupa simbol-simbol ajén dunya nu dilenyepan salaku harmoni nu tetep aya dina lumangsungna kahirupan. Unsur universal kasenian bisa mangrupa gagasan-gagasan, ciptaan-ciptaan pikiran, carita-carita jeung rumpaka-rumpaka nu éndah. Bisa ogé dina wujud interaksi berpola antara seniman nu nyiptakeun, seniman nu ngagelarkeun, pangrojong kasenian, aprésiator, jeung konsumén hasil kasenian. Iwal ti éta sakabéh kasenian ogé bisa mangrupa barang-barang nu éndah, candi, kaén tinun nu éndah, barang-barang karajinan, jsté. (Koentjaraningrat, 1990: 204).

Dumasar éta hal, kasenian teu bisa madeg mandiri ti masarakat. Salaku salasahiji bagian nu penting tina kabudayaan, kasenian mangrupa ébréhan kréativitas tina kabudayaan sorangan. Kabudayaan, kaasup kasenian, duanana

ogé robah (dinamis), dipiara/diraksa, népakeun jcung ngamekarkeun pikeun ngagelarkeun deui kabudayaan anyar di masarakat, bari teu ngaleungitkeun kabudayaan asalna. Kitu ogé dina upacara adat, upama ditilik tina segi éstétisna, tinangtu bakal pinanggih jeung unsur-unsur seni nu nyangkaruk dina éta upacara adat.

Dina sababaraha kagiatan (adat-istiadat) kasenian tradisional teu bisa leupas tina unsur budaya lianna. Ku alatan kitu, dina lumangsungna éta kagiatan pasti loba hal pangrojongna, nu ngandung ajén-inajén nu kacida luhungna. Salasahijina nya éta ajén éstética.

Upacara Sérén Taun di Cigugur Kuningan mangrupa jengléngan upacara euyeub pisan ku hal-hal nu ngandung kaéndahan, boh dina pakakas nu digunakeun, musik, rumpaka, pakéan, boh dina tata rupa sasajén/kadaharan, jsté. Ditilik tina upacara-upacara adat/ritual tradisional, éstética pakait jeung ritual kaagamaan, katut mitologi. Dina éta upacara baris katangen jeung karasa kumaha gumulungna antara unsur ritual kaagamaan jeung éstética.

Sérén Taun mangrupa gelar budaya tradisonal masarakat agraris Sunda nu masih nyampak jeung biasa dilaksanakeun di kelurahan Cigugur kecamatan Cigugur, kabupaten Daerah Tingkat II Kuningan Propinsi Daerah Tingkat I Jawa Barat. Ieu tradisi téh dilaksanakeun sataun sakali, mangrupa jengléngan rasa tumarima jeung sukuran ka Gusti Nu Maha Suci tina naon-naon nu geus katarimana, utamana kana hasil tatanén.

Upacara Sérén Taun nya éta ungkapan sukur jeung du'a masarakat Sunda kana rasa susah senang nu geus kaalaman, utamana dina salila tatanén sataun ka

tukang jeung taun nu bakal kasorang. Ari pelaksanaan éta upacara téh maneuh unggal tanggal 22 Rayagung. Di jérona pinuh ku ritual-ritual nu sipatna suci, bari teu tinggaleun pidangan rupa-rupa atraksi kasenian jeung hiburan. Bisa ogé disebut yén dina ieu upacara téh teu ngan ukur midangkeun kagiatan spiritual nu ngawengku patalina manusa jeung Pangéranna, tapi ogé antara manusa jeung mahluk séjenna tur alamna, boh ngaliwatan kagiatan kasenian, atikan, sosial, boh budayana.

Upacara Sérén Taun nu dilaksanakeun ku masarakat Cigugur téh waktuna geus maneuh, nya éta unggal tanggal 22 bulan Rayagung. Bulan Rayagung dipilih lantaran mangrupa bulan pamungkas tina runtusan anu 12 bulan, nya eta: 1) Muharam/Sura, 2) Sapar, 3) Mulud, 4) Silih Mulud, 5) Jumadil Awal, 6) Jumadil Ahir, 7) Rajab, 8) Ruwah, 9) Puasa, 10) Syawal, 11) Hapit, 12) Rayagung. Salaku bulan pamungkas, Rayagung ogé mibanda ma'na ngareuah-reuah kaagungan ti Pangéran Nu Maha Kawasa.

Warga kelurahan Cigugur, kecamatan Cigugur, kabupaten Kuningan mangrupa komunitas Sunda nu maneuh ngalaksanakeun ieu ritual dina unggal taunna. Malah mah ieu upacara Sérén Taun téh geus jadi kalénder resmi féstival seni tradisi Sunda jeung lawungan taunan masarakat adat di Tatar Sunda jeung Nusantara katut Mancanegara. Tangtu baé ieu hal téh bari teu ngurangan ajén-inajén spiritualitas nu aya di jerona, najan diluyukeun jeung kamekaran tur kondisi sosial nu keur lumangsung.

Pikeun maham kaéndahan anu aya dina éta upacara, leuwih ti heula kudu nyaho kana élmu kaéndahan, nya éta éstétika. Éstétika, nya éta élmu anu maluruh

ngeunaan kaéndahan, kamampuh panca indera ngajénan/méré sawangan ngeunaan hiji hal/objék salaku sénsitivitas (Ratna, 2007: 4).

Dumasar kana pamadegan di luhur, katitén yén anu disebut éstétika téh lain ngan ukur maluruh hal-hal anu éndah wungkul. Tapi dipaluruh ogé ngeunaan hal-hal anu aya patalina jcung pangalaman kana sikep, rasa, tur ajén-inajén kana sagala hal jieunan manusa. Ogé maluruh hal séjénna nu kapanggih dina alam nu éndah.

Nurutkeun Aristotélés, salasaurang filsuf anu kamashur, éstétika nya éta filsafat anu neuleuman asal-muasal jeung ajén-inajén tina sagala barang (Kartika Perwira, 2004: 2).

Jadi tépéla, pikeun maluruh ieu panalungtikan téh dipikabutuh aspek sején nu bisa dijadikeun pamarekan salian ti éstétikana sorangan, saperti élmu seni séjénna (seni rupa, seni musik, seni sastra, seni tari, seni drama, jsté.), filsafat, antropologi budaya, semiotik, jrrd.

Salian ti ngagambarkeun kumaha prak-prakanana upacara Sérén Taun di Cigugur Kuningan, nu dipedar dina ieu panalungtikan nya éta hal-hal nu patali jeung éstétika dina éta upacara, boh éstétika dina ritualna, boh éstétika dina hal-hal nu ngarojong kana gelarna éta upacara.

Panalungtikan ngeunaan upacara Sérén Taun mémang kungsi dilaksanakeun ku Ignatius Djukardi, Mahasiswa Jurusan Pendidikan Seni Tari UPI dina taun 1993, dina wangun skripsi nu judulna “Analisis Makna dan Fungsi Upacara Sérén Taun pada masyarakat di Desa Cigugur Kecamatan Cigugur

Kabupaten Kuningan". Mung éta panalungtikan téh rada kawatesanan kana analisis ma'na jeung fungsina wungkul.

Ku lantaran can aya panalungtikan nu ngaguar upacara Sérén Taun sacara nyosok jero ngeunaan pakakas-pakakas jeung bahan-bahan nu dipakéna, tur ngeunaan hal séjenna. Perlu diayakeun panalungtikan-panalungtikan deui nu leuwih teleb. Ku kituna, ieu panalungtikan téh baris ngaguar ngeunaan ajén-inajén kaéndahanana tur ma'na nu dikandung dina éta upacara, boh nu nyampak dina pakakas-pakakas nu digunakeun, dina prosésina, boh dina hal-hal nu mangrupa pangdeudeulna.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Pedaran ngeunaan upacara Sérén Taun di Cigugur Kuningan ambahanana éstu lega kacida. Ku kituna ieu panalungtikan téh dipuseurkeun nalungtik kana ajén éstétika nu nyangkaruk dina upacara Sérén Taun di Cigugur Kuningan. Ajén éstétika di dieu nya éta sagala rupa nu dianggap jeung dirasakeun éndah disawang tina simbol jeung ma'na dina pakakas tur prak-prakanana upacara Sérén Taun di Cigugur Kuningan. Sarta kumaha fungsi jeung tujuan upacara Sérén Taun pikeun masarakat Cigugur.

1.2.2. Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang sarta watesan masalah nu dipedar saméméhna, masalah-masalah nu baris diguar dina ieu panalungtikan téh dirumuskeun saperti ieu di handap:

- 1) Kumaha ari prak-prakanana upacara Sérén Taun?
- 2) Pakakas (properti) naon waé nu kudu aya dina upacara Sérén Taun, tur naon simbol/ma'nana?
- 3) Ajén éstética naon waé nu nyampak dina prak-prakanana jeung dina pakakas upacara Sérén Taun?
- 4) Kumaha fungsi jeung tujuan upacara Sérén Taun pikeun masarakat Cigugur Kuningan?

1.3. Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Panalungtikan

Sacara husus, tujuan dina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun mikanyaho jeung meunangkeun data ngeunaan upacara Sérén Taun nu aya di Cigugur Kuningan, anu engkéna bisa dijadikeun bahan bandingan pikeun panalungtikan saterusna.

Sacara umum, tujuan dina ieu panalungtikan téh nya éta dipiharep bisa dijadikeun bahan pangrojong pikeun ngamumulé jeung ngaronjatkeun kasadaran masarakat Jawa Barat hususna, Indonesia umumna, kana gedéna mangpaat nu dikandung dina upacara-upacara tradisional.

Lian ti tujuan husus jeung tujuan umum nu dipedar di luhur, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa:

- 1) Ngadéskripsikeun prak-prakan upacara Sérén Taun;
- 2) Ngadéskripsikeun pakakas (properti) nu aya dina upacara Sérén Taun;
- 3) Ngadéskripsikeun ajén éstética tur ma'na/simbol-simbol nu nyampak dina prak-prakanana jeung dina pakakas upacara Sérén Taun;
- 4) Ngadéskripsikeun fungsi jeung tujuan upacara Sérén Taun pikeun masarakat Cigugur Kuningan.

1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat nu dipiharep tina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Nambahán élmu pangaweruh dina widang tradisi, hususna ngeunaan ajén éstética dina upacara Sérén Taun;
- 2) Méré kontribusi ka masarakat ngeunaan ajén éstética dina upacara Sérén Taun; jeung
- 3) Pikeun kapentingan akademis: ku ayana ieu panalungtikan, bisa méré keterangan sarta nambahán dokuméntasi ngeunaan kagiatan upacara-upacara adat nu aya di Tatar Sunda.

1.4. Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Kabudayaan téh mangrupa hasil tina cipta, rasa, jeung karsa nu ngawengku sakabéh aspek kahirupan manusia dina hirup kumbuhna;

- 2) Upacara Sérén Taun mangrupa bagian tina kabudayaan urang Sunda
anu nepi kiwari masih kénéh aya tur tumuwuh di masarakat Cigugur
Kuningan; jeung
- 3) Upacara Sérén Taun mangrupa asét budaya nu mibanda ajén-inajén
anu luhung pikeun alternatif dina ngamekarkeun kabudayaan.

1.5. Wangenan Operasional

Sangkan leuwih museur, ieu di handap baris dijéntrékeun istilah-istilah
anu aya patalina jeung judul panalungtikan, nya éta:

1) Upacara Adat

Dina *Kamus Antropologi* disebutkeun yén upacara nya éta: 1) sistem
aktivitas atawa runtusan paripolah anu ditata ku adat atawa hukum nu dipaké dina
masarakat nu aya hubunganana jeung rupa-rupa kajadian nu tetep, nu biasana aya
dina masarakat nu tangtu, 2) hiji kagiatan pasamoan (pésta) tradisional nu diatur
nurutkeun tata adat atawa hukum nu dipaké di masarakat dina raraga miéling
kajadian-kajadian penting, jsté. kalayan katangtuan adat nu lumaku (1985: 423).
Ari adat nya éta kabiasaan nu sifatna magis téligius tina kahirupan hiji penduduk
asli, nu ngawengku ajén-inajén budaya, norma-norma, hukum, jeung aturan-
aturan nu aya patalina nu satuluyna jadi hiji sistem atawa aturan tradisional
(*Kamus Antropologi*, 1985: 4). Upacara adat nya éta upacara-upacara nu aya
hubunganana jeung kapentingan adat hiji masarakat (*Kamus Antropologi*, 1985:
423).

Dina *Énsiklopédi Sunda* disebutkeun yén upacara, nya éta tanda-tanda kaagungan, perayaan anu dilaksanakeun atawa diayakeun patalina jeung kajadian anu penting. Adat nya éta hiji hal anu dipikawanoh, dipikanyaho, sarta geus jadi kabiasaan dina masarakat, bisa mangrupa kekecapan atawa rupa-rupa kalakuan (2000: 14).

2) *Sérén Taun*

Sérén hartina nyérénkeun ti taun nu kabagi kana dua belas bulan. Sacara définitif bisa dihartikeun, yén sérén taun nya éta upacara nyérénkeun hasil panén nu karék dilaksanakeun, sarta ménta berkah jeung kasalametan ti Pangéran keur taun nu bakal kasorang.

Dina *Énsiklopédi Sunda* (2000: 590) disebutkeun yén sérén taun, nya éta:

Adat yang dilaksanakan di beberapa tempat di Jawa Barat sehubungan dengan pergantian tahun menurut kalender Islam, jatuh dalam bulan Sura/Muharam.

3) *Éstética*

Éstética nya éta élmu anu maluruh ngeunaan kaéndahan, kamampuh panca indera kana ngajénan/méré sawangan ngeunaan hiji hal/objék salaku sénsitivitas (Ratna, 2007: 4).

Aristotélés salasaurang filsuf anu kamashur, nepikeun yén éstética nya éta filsafat anu neuleuman asal-muasal jeung ajén-inajén tina sagala barang (Kartika Perwira, 2004: 2).

4) *Ajén*, nya éta hal-hal nu penting atawa gedé mangpaatna pikeun kamanusaan (*KUBI*, 2003: 386), ajén nya éta sagala hal anu narik ati keur manusa salaku subjék.

5) *Ajén Éstétika*

Nurutkeun Kant (Kartika Perwira, 2004: 22-23), aya dua rupa ajén éstétis. nya éta: 1) Ajén éstétis atawa ajén murni, jeung 2) Ajén ékstra éstétis atawa ajén tambahan.

- 1) Ku lantaran ajénna murni, lamun aya kaéndahan disebutna kaéndahan murni disebut ogé ajén éstétis atawa ajén murni, Ajén éstétis nu murni ieu aya dina garis, wangun, warna lamun dina seni rupa; gerak, témpo, irama lamun dina seni tari; sora, kaharmonisan, irama lamun dina seni musik; dialog, ruang, gerak lamun dina seni drama, jrrd.
- 2) Ajén ékstra éstetis atawa ajén tambahan. Ajén ékstra éstétis (ajén luar éstétis) mangrupa ajén tambahan, ayana dina: bentuk-bentuk manusia, alam, sasatoan, gerak gugupay, nyembah, sora ceurik, jrrd. Kaéndahan nu bisa dirarasakeun ku nu resep kana seni nu aya dina éta unsur-unsur, disebut kaéndahan luar éstétis atawa tambahan.

